

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1. Méthode Panalungtikan**

Dumasar kana tujuanana, ieu panalungtikan téh ngagunakeun méthode déskriptif analisis. Méthode déskriptif analisis nya éta méthode anu bisa ngungkulan pasualan-pasualan anu aktual ku jalan ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis, jeung napsirkeun data. Ieu méthode téh digunakeun pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis data anu kapanggih dina panalungtikan sarta pikeun néangan campur kode nu ngalaman prosés morfologi anu aya dina éta data. Anu didéskripsikeunana téh ngeunaan campur kode dina pagelaran seni Banyolan longsér nu ngalaman prosés morfologi. Salian ti éta, studi anu digunakeunana nya éta studi sinkronis, hartina museurkeun kana kaayaan pamaké basa kadua (B2) nya éta basa Indonesia jeung basa kahiji (B1) nu mangrupa basa indung (Sunda) nu kiwari jadi puseur panalungtikan. Hal ieu téh dumasar kana tinimbangan:

- 1) masalah nu dikaji nya éta masalah sinkronik nya éta campur kode basa Sunda kana basa Indonesia dina pagelaran seni Banyolan Longsér;
- 2) tujuan hususna pikeun ngadéskripsikeun, nganalisis, jeung ngomparasikeun pérséntase inténsitas campur kode dina pagelaran seni Banyolan Longsér;
- 3) tujuan umumna pikeun meunangkeun gambaran sabaraha lobana gejala campur kode basa Sunda kana basa Indonesia dina pagelaran seni Banyolan Longsér.

## 3.2. Téhnik Panalungtikan

### 3.2.1. Téhnik Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun ieu data panalungtikan, digunakeun téhnik:

- 1) studi dokuméntasi, dipaké pikeun néangan data ngeunaan campur kode nu mangrupa transkripsi tina rékaman kana wangun tinulis dina pagelaran seni banyolan longsér;
- 2) téhnik rékaman, dipaké pikeun ngarékam sakabéh paguneman dina pagelaran seni banyolan longsér ti bulan Januari-Februari 2007;
- 3) transkripsi, dipaké pikeun mindahkeun data tina kasét (rékaman) kana wangun tulisan.


### 3.3.2. Instrumén Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan dikumpulkeun kalayan ngagunakeun:

- a. alat rékaman nya éta tapé récordeur, anu tujuanna pikeun ngagampangkeun panalungtik dina ngumpulkeun data;
- b. angkét semi terbuka (*tertutup baralternatif*), ieu angkét kudu dieusian ku sakabéh pamaén banyolan longsér. Hal ieu téh dina raraga ngumpulkeun data non linguistik dina hubunganana jeung peristiwa campur kode.

Pikeun ngagampangkeun nganalisis gejala campur kode nu ngalaman prosés morfologi dina pagelaran seni banyolan longsér digunakeun kartu data saperti ieu di handap.

### Conto format kartu data



#### Keterangan:

Data di luhur kapanggih dina sampel ka dua (2), jajaran ka tilu puluh dua (32), kalimah ka dua puluh salapan (29), campur kode jeung kasalahan morfologi aya dina kecap nu ka dua ratus tujuh puluh dua (272) .

### 3.2.3. Téhnik Ngolah Data

Data anu dianalisis nya éta basa Sunda anu digunakeun nalika paguneman dina pagelaran seni Banyolan Longsér anu puseur masalahna nya éta ngeunaan campur kode kana basa Indonesia anu muncul salila lumangsung éta pagelaran.

Léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngolah data panalungtikan nya éta:

- 1) ngarékam pagelaran seni Banyolan Longsér di STV Bandung saban poé Kemis tabuh 19.00-19.30 édisi Januari-Februari 2007;
- 2) ngatranskripsikeun sakabéh data hasil rékaman dina pagelaran seni banyolan Longsér;
- 3) maca jeung nandaan kalayan gemet sakabéh data hasil rékaman nu aya gejala campur kode;
- 4) nuliskeun klasifikasi data kana kartu data. Unggal kasalahan morfologis anu aya dina wangun kalimah kalayan ditandaan anu tangtu. Éta kode nuduhkeun katerangan nomor sampel, nomer jajaran, nomor kalimah, jeung nomor kecap.

- 5) ngitung perséntase sangkan meunang gambaran sabaraha frékuénsi campur kode basa Sunda kana basa Indonesia anu aya dina pagelaran seni Banyolan Longsér;

Rumus nu dipakéna nya éta:

$$\text{Frékuénsi Campur Kode} = \frac{n \text{ ECM}}{\Sigma n \text{ CM}} \times 100\%$$

$$\Sigma n \text{ CM}$$

Keterangan:

n ECM: jumlah campur kode dina unggal paguneman banyolan longsér

$\Sigma n \text{ CM}$ : jumlah kecap dina unggal paguneman banyolan longsér

- 6) nganalisis unggal campur kode dina wangun morfologi tina basa Indonesia kana basa Sunda, tuluy ditafsirkeun parobahanana;
- 7) mariksa data non linguistik pikeun ngajéntrékeun faktor anu ngabalukarkeun munculna campur kode basa Indonesia kana basa Sunda dina pagelaran seni Banyolan Longsér;
- 8) nyawang angként hasil panalungtikan ti lapangan; sarta
- 9) nyieun kacindekan ngeunaan sakumna hasil analisis luyu jeung rumusan masalah.

### **3.3. Populasi jeung Sampel**

#### **3.3.1. Populasi**

Nu jadi populasi dina ieu panalungtikan nya éta pagelaran seni Banyolan Longsér nu ditayangkeun di STV Bandung saban poé Kemis ti tabuh 19.00-19.30 WIB.

### 3.3.2. Sampel

Sampel nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *purposive sampling* (*sampling pertimbangan*), hartina sampel panalungtikan kalayan tinimbangan yén sampel anu dicokot téh ngawakilan atawa ngagambarkeun sakabéh populasi.

Sampel anu ditetepkeun dina ieu panalungtikan nya éta pagelaran seni banyolan longsér édisi Januari-Februari 2007.

